Kuzvarwa kwaJesu

Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarirwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11

Kuzvarwa kwaJesu

Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarirwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11

Ruka 2:1-19 - *Kuzvarwa kwaJesu*

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose
venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe
nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa.

4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea
achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi nokuti
akanga ari weimba yaDhavhidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko
kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye
uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa
kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana.
Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti
muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva
pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa
waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha
kwakavakomba, uye vakatya kwazvo. 10 Asi mutumwa akati
kwavari, “Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru
uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarwa
Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo
kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete
muchidyiro chezvipfuwo.” 13 Pakarepo hondo huru yokudenga
yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari
vachiti: 14 “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare
panyika nokuvanhu vaanofarira.”

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga,
vafudzi vakataurirana vachiti, “Handei kuBheterehema tindoona
chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe.” 16 Saka
vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria naJosefa,
nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati
vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa
pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa
nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta
zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi
vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu
zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita
sezvavakanga vataurirwa.

Ruka 2:1-19 - *Kuzvarwa kwaJesu*

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose
venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe
nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa.

4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea
achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavhidhi nokuti
akanga ari weimba yaDhavhidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko
kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye
uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa
kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana.
Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti
muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva
pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa
waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwaJehovha
kwakavakomba, uye vakatya kwazvo. 10 Asi mutumwa akati
kwavari, “Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru
uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavhidhi mazvarwa
Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo
kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete
muchidyiro chezvipfuwo.” 13 Pakarepo hondo huru yokudenga
yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari
vachiti: 14 “Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare
panyika nokuvanhu vaanofarira.”

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga,
vafudzi vakataurirana vachiti, “Handei kuBheterehema tindoona
chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe.” 16 Saka
vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria naJosefa,
nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati
vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa
pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa
nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta
zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi
vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu
zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita
sezvavakanga vataurirwa.

40-06 The Birth of Jesus
Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona:
Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare